

KALANDRIYE Aktivite yo

MPO	BAC	BCCB	CIR	TCC
Mas				
Jedi 9 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 8 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 20 2:00apremidi Sal 422	Madi 7 6:00 diswa Sal 430	Lendi 27 2:00apremidi Sal 302
Avril				
Jedi 13 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 12 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 4 6:00 diswa Sal 430	Lendi 24 2:00apremidi Sal 302
Me				
Jedi 11 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 10 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 15 2:00apremidi Sal 422	Madi 2 6:00 diswa Sal 430	Lendi 22 2:00apremidi Sal 302
Jen				
Jedi 8 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 19* 2:00apremidi Sal 422	Madi 6 6:00 diswa Sal 430	Lendi 26 2:00apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale. Piblik la envite.

*Kapab chanje.

Akwonim

AADT	Annual Average Daily Traffic Counts	DCA	Department of Community Affairs
APR	Annual Performance Report	DPEP	Department of Planning and Environmental Protection
APTA	American Public Transit Association	DRI	Development of Regional Impact
BAC	Bicycle Advisory Committee	EIS	Environmental Impact Statement
BCCB	Broward County Coordinating Board	EPA	Environmental Protection Agency
BCT	Broward County Transit	FAA	Federal Aviation Authority
BLC	Broward League of Cities	FAC	Florida Administrative Code
BUS	Broward Urban Shuttle	FCTD	Florida Commission Transportation Disadvantaged
CAAA	Clean Air Act Amendment	FDOT	Florida Department of Transportation
CBD	Central Business District	FHWA	Federal Highway Administration
CMA	Congestion Management	FS	Florida Statute
CIR	Community Involvement Roundtable	FTA	Federal Transit Administration
CMAQ	Congestion Mitigation and Air Quality	FY	Fiscal Year
CMS	Congestion Management System	GIS	Geographic Information System
CTC	Community Transportation Coordinator	MPO	Metropolitan Planning Organization
		TCC	Technical Coordinating Committee

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Patisipasyon nan Kominote a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward County MPO yo.

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



CHIMEN DEKOUPE

VOLIM 10, Nimewo 10

Premye Trimès 2006

FDOT DEKLARE A1A NAN BROWARD COUNTY KALIFYE POU FÈ DEMANN POU LI KAPAB VIN RELE YON WOUT TOURISTIK



Fort Lauderdale Beach bò A1A.

Wout Eta A1A a nan Broward County se yon koulwa touristik ki ale pandan 28 mil depi liy Broward County/Palm Beach la, rive nan liy Broward County/Miami Dade la.

Nan koumansman ane 2006 la, Depatman Transpò Florid la [FDOT] anonse Wout Eta A1A a gen kalifikasyon ki nesesè pou yo ta vin kapab rele l yon Wout Touristik nan Eta Florid.



Kote pou moun pwomennen bò dlo nan Hollywood Beach, ki pase pre A1A.

Gwoup k ap Lite pou A1A Vin Rele Wout Touristik la – epi ki gen ladan l moun k ap travay nan Òganizasyon Kowòdinatè Pou Transpò Kominote (MPO) Nan Broward County ansanm ak moun nan anpil konsèy kominal, epi lòt rezidan nan zòn lan – fenk fini pòsyon nan aplikasyon ki sou kalifikasyon an.

Gen 2 lòt pòsyon nan aplikasyon an ki rete pou fèt. Yo se Tit pou Wout la, ak Reyalizasyon. Yon fwa tout bagay fin fèt epi FDOT di li dakò pou Tit pou Wout la, Wout Touristik A1A a ap kalifye pou resevwa plizyè sibvansyon ansanm ak amelyorasyon arebò li.



Waf Dania Beach bò A1A.

Nan Nimewo sa a...

- Festival Florezon Zoranj
- Altènativ pou Transpò
- Sèvis Transpò Rapid ap Ede Rezidan yo
- Kout Pwojektè sou Komite Rezidan Konseye a [Citizen's Advisory Committee (CAC)]
- Pale Nou Koze "TELUS" la
- Anvan Lontan Wout Marina Mile la pral Deklare ak yon Nouvo Sijè Maritim
- Pwogram pou Kontakte Timoun

PRSRST STD
USPOSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT # 5450

“METE L NAN LARI A”



Anplwaye MPO avèk Mamm Konsèy Judith Paul.

Festival Florezon Zoranj

Anpil moun nan kominote Davie a te vini nan Festival Florezon Zoranj ki fèt chak ane nan Hotel Kominal Davie a. Nan dat 25 fevriye, te genyen yon gwo parad kominotè ak moun sou cheval, ak cha, ak òkès lekòl pandan tout yon jounen pou selebre istwa Vil Davie a.

Anplwaye Broward County MPO yo te sèvi avèk Estasyon Enfòmasyon Mobil (MIS) la, ki mezire 34 pye, pou pale fasafas avèk piblik la sou jan planifikasyon pou transpò fèt, epi pou yo te ranmase rezilta sondaj yo te bay moun ki te nan parad la.

Anplwaye MPO yo te fè yon sondaj ak 100 moun pandan parad la. Preske 60 pousan nan moun ki te nan sondaj la di pi gwo pwoblèm transpò yo genyen se anbouteyaj. Anpil solisyon te prezante pandan sondaj la, tankou mete limit vitès la pi ba, mete sèvis otobis lokal nan kominote a, ak senkwonnize limyè nan lari pou pèmèt fè ekonomi gazolin.



ALTÈNATIV POU TRANSPÒ

Richard J. Kaplan,
Prezidan MPO,
Majistra Kominal,
Vil Lauderdale

MPO nan Broward County a ap travay di pou l kontinye fè chapant sistèm transpò ki la kounye a amelyore, pandan zòn Sid Eta Florid ap kontinye genyen yon pakèt moun k ap vin ladan san rete. Travay sa a pa toujou fasil ... sa ki vle di gen lòt bagay ki pou fèt anplis pase amelyore wout ak kontwole trafik ... li enpòtan anpil tou pou amelyore sistèm konneksyon an!

Kit ou sèvi avèk nouvo sèvis otobis lokal la (ki dekri pi ba a nan nimewo *Chimen Dekoupe* sa a), oswa avèk Sèvis Transpò

Rapid Boulva Broward Ès/Wès la [Broward Boulevard East/West Express Transit Service (BEWE)], kit w ap konsidere ale nan travay nan menm oto ak lòt moun, oswa si ou sèvi avèk Sistèm Transpò Broward County a oubyen avèk Tri-Rail pou w ale nan travay, pa bliye objektif MPO a se pou apiye inisyativ planifikasyon ak sibvansyon ki pou ede w nan sa w ap fè, epi k ap fè kalite lavi w vin pi bon.

Broward County MPO pran angajman pou l kontinye travay avèk Administrasyon Rejyonal Transpò nan Sid Eta Florid [South Florida Regional Transit Authority (SFRTA)] ansanm ak kominote nan Broward la, pou chèche konnen bezwen nou pral genyen ak pou reponn kòm sa dwa, pandan n ap travay pou nou amelyore objektif nou sou kesyon ekonomi ak anviwonman yo.



BROWARD MPO AP SIBVANSYONE SÈVIS TRANSPÒ RAPID

Yon nouvo Sèvis Transpò Rapid Boulva Broward Ès/Wès (BEWE) pral bay rezidan yo yon sèvis transpò rapid ki fasil pou jwenn, ki pa p bay rate, epi ki gratis. Sèvis rapid tou nèn sa a pral konnekte lokal Wès Sant Gouvènman Broward County a ki nan adrès One University Drive nan Plantation, ak Sant Gouvènman County a ki anba lavil nan Fort-Lauderdale. Youn nan kote otobis la rete nan NE 27th Avenue sou Broward Boulevard pèmèt rive nan Biwo Cherif la. Pral gen 2 otobis 20-pasaje pou sèvis rapid la.

Sèvis la komanse nan dat 17 janvyè epi li pase nan chak 30 minit entèval depi 7 è dimaten rive 6 è diswa. Sèvis Transpò Rapid



Otobis BEWE nan One University Drive nan Plantation.

Broward Ès/Wès la (BEWE) pral mache sou kabiran biyo-dizel dapre angajman Asosyasyon Administrasyon Transpò a [Transportation Management Association] pran pou l ankouraje sous enèji renouvlab ki pwodwi nan peyi isit. BEWE sèvis la, se yon pwoje pou demonstrasyon ki resevwa sibvansyon pou Soulajman pou Anbouteyaj ak pou Kalite Lè [Congestion Mitigation and Air Quality (CMAQ)], gouvènman federal bay MPO. Pwojè a komanse kòm yon pwojè pilòt pou teste ki kote li kapab aplike.

Anplwaye, konsiltan, konpayi k ap fè pwojè konstriksyon, ak lòt moun ki gen aktivite regilye avèk Broward County ankouraje pou patisipe nan sèvis sa a. Sèvis la gratis epi li ouvri pou piblik la.

KOUT PWOJEKTÈ SOU KOMITE REZIDAN KONSEYE A (CAC)

Nan dat mèkredi 13 jiyè a, Broward County MPO, ansanm avèk MPO nan Miami-Dade ak Palm Beach County yo te fè premye reyinyon rejyonal pou komite rezidan konseye yo, pou yo bay rezidan enfòmasyon sou pwojè k ap fèt kounye a ak sou sa ki pral fèt, epi ki pral aji sou tout zòn nan.

Reyinyon an te genyen pi plis pase 60 moun nan piblik la, epi li te fèt nan Biwo Administrasyon Tri-Rail, nan Pompano Beach. Anplwaye nan Depatman Transpò Florid (FDOT) ak nan lòt ajans transpò te prezante gwo pwojè ki janbe liy 3 konte yo.

PALE NOU KOZE “TELUS” LA

Pandan 6 an ki sot pase yo, Òganizasyon Kowòdinatè pou Transpò Kominote (MPO) nan Broward County a te travay anpil avèk Enstiti Teknoloji nan New Jersey (NJIT) pou devlope Sistèm Transpò Ekonomik pou Atè a (TELUS) ki se baz pou devlope Pwogram Amelyorasyon Transpò a (TIP) pou Broward County. NJIT te chwazi MPO a, ansanm avèk preske 12 lòt MPO nan tout peyi a, pou yo fè tès “beta” pou pwogram elektwonik sa a.

Lè enfòmasyon an fin mete nan pwogram entènèt TELUS la, l ap fasil pou tout moun ki ale nan entènèt kapab wè TIP MPO a. Broward County kwè nan sezon prentan ki pral vini an, TIP pou ane ki soti nan 2006/7 rive nan 2010/11 pral devlope nan fòm ki sou entènèt la; lè sa a sa pral pèmèt piblik la jwenn pi bon enfòmasyon sou pwojè transpò nan entènèt nan yon fòm ki fasil, epi tou sa pral ankouraje piblik la retounen repons li bay MPO.

TELUS se pa sèlman yon bon zouti anpil pou administre TIP. Li pote solisyon tou pou reponn demann TIP k ap chanje san rete, pandan MPO ap devlope pou kontinye sèvi kominote a ak zòn nan, epi tou pandan l ap aplike pwosedi Eta nou a ak ajans federal ki bay sibvansyon yo.

Men kèk nan koze ki te pale nan reyinyon an:

- Pwojè Otobis Rapid SR-7
- Enfòmasyon tou Nèf sou “Double Tracking” Administrasyon Rejyonal Transpò nan Sid Eta Florid la (SFRTA)
- Etid sou Koulwa Tanspò Kòt Ès nan Sid Eta Florid la
- Enfòmasyon tou Nèf sou Plan Transpò pou Lontan nan Zòn lan (LRTP)

Manm Komite a ak moun ki te vin nan reyinyon yo te gen yon chans pou yo pale epi pou yo poze kesyon sou pwojè yo, sou plan yo, ansanm ak sou lòt bagay ki nan kominote yo. Nan fen reyinyon an, 3 komite yo deside pou yo rankontre ankò pou pale sou koze transpò nan zòn nan.

ANVAN LONTAN WOUT MARINA MILE LA PRAL DEKORE AK SIJÈ MARITIM

Pwoje “Anbeli Marina Mile 84” la te komanse nan ane 1998 lè Asosyasyon Marina Mile 84, ansanm ak Broward County, ak Vil Dania Beach la, ak Vil Davie a, ak Vil Fort Lauderdale la te mete ansanm pou gade jan pou yo bay seksyon Wout Eta 84 sa a pi plis valè epi dekore l ak yon sijè maritim. Eta a rele pòsyon wout sa a “MARINA MILE” epi genyen plis pase 30 enstalasyon maritim arebò li. Pwojè a komanse depi SR 84 nan I-95, epi li kontinye nan direksyon wès pou rive nan Port Boulevard/SW 30 Avenue.

Nan pami pwogrè ki fèt nan pwojè transpò sa a, genyen 2 ensèy ki gen 3 dimansyon epi ki pa sanble okenn lòt, gen deplasman 39 pye palmis “sabal”, ak 112 pye palmis “sabal” ki mete nan separasyon nan mitan wout la. Pwojè sa a se yon efò men nan men ki pral anbeli zòn nan san deranje anyen, epi ki pral kapab sèvi pou idantifye koulwa sa a ki toujou plen trafik. Pwojè sa a sanse fini nan fen ane fiskal 2006 la.



Konstriksyon bwe a fini - septanm 2005.

“METE L NAN LARI A”



Tout-moun te vle yon foto avèk Buddy, ki se maskòt favori nou!

Pwogram pou Kontakte Timoun

Pou kontinye apiye pwogram pou kontakte elèv, Broward County MPO planifye 6 konferans nan lekòl pandan ane 2005-2006 nan kalandriye lekòl la. Pandan mwa fevriye a, 2 premye lekòl yo, Thurgood Marshall Elementary ak Stephen Foster Elementary, te patisipe nan pwogram lan.

Youn nan bagay ki nouvo nan pwogram lan, se te retounen nan chak lekòl yon semenn apre premye konferans lan, pou mezire enterè elèv yo ak nivo patisipasyon yo. Lè anplwaye MPO yo retounen, yo gade devwa timoun yo fè lakay epi yo mande elèv yo pou vote pou bay 2 pèsonaj nan pwogram lan yon non.

Pandan konferans lan, elèv nan 2 lekòl yo jwe jwèt edikatif, yo resevwa enfòmasyon sou travay nan transpò, epi yo te menm patisipe nan planifikasyon yon nouvo twotwa pou chak lekòl yo.